

Imino-terapi pou Kansè

Immunotherapy for Cancer – Haitian Creole

Imino-terapi itilize sèten pati sistèm defans kò yon moun trete maladi tankou kansè. Doktè itilize li pou trete anpil kalite kansè, men se pa tout moun ki gen kansè k ap resevwa imino-terapi.




Kijan imino-terapi travay?

Sistèm defans kò a itilize sèten ògàn ak selil kò a pou ede pwoteje yon moun kont maladi ak lòt enfeksyon tankou kèk kansè. Diferan kalite imino-terapi travay nan fason diferan pou ede jwenn epi detwi selil kansè yo.


Kèk medikaman imino-terapi ede sistèm defans kò a travay twò di sa fè li kapab jwenn selil kansè yo epi anpeche yo grandi ak simaye. Lòt kalite yo kapab chanje fason sistèm defans kò a travay pou li atake selil kansè yo pi byen.

Imino-terapi ta kas se sèl tretman ki nesèsè pou kèk kansè. Oswa, pafwa doktè kapab bay li avèk lòt tretman tankou kimyoterapi, radyoterapi oswa operasyon.



Kijan doktè bay li?

Doktè bay anpil tretman imino-terapi nan klinik pasyan deyò kòm yon piki oswa enjeksyon lan nan yon liy IV li mete nan yon venn. Doktè kapab fwote kèk tretman sou po a, oswa li kapab bay yo nan yon pati kò a kote li jwenn kansè a. Kèk nouvo tretman avèk imino-terapi ta ka egzije pou pasyan an pase tan nan yon lopital. Lòt pasyan yo resevwa tretman nan bouch kòm yon grenn oswa kapsil epi yo kapab ale avèk tretman an lakay yo.



Konbyen tan tretman n ap dire epi konbyen fwa doktè ap bay li?

Paske tretman chak moun diferan, kantite fwa doktè bay tretman an ak kantite tan tretman an dire kapab diferan tou. Doktè a ta ka bay tretman an chak jou pandan kèk jou oswa li ta ka bay tretman an yon fwa pa semèn oswa yon fwa pa mwa. Doktè bay kèk kalite imino-terapi pou yon peryòd tan epi apre sa gen yon peryòd repo pou kò a kapab soulaje nan efè segondè yo anvan pwochen tretman an dwe fèt.



Efè segondè imino-terapi

Pake efè segondè yo depannde medikaman doktè a bay la, tout moun K ap resevwa imino-terapi p ap gen menm efè segondè yo.

Kèk kalite imino-terapi kapab lakòz efè segondè ki grav ak efè segondè ki grav anpil. Kèk efè segondè ap vini avèk:

- Pwoblèm po tankou gratèl oswa demanjezon
- Sentòm tankou grip
- Pwoblèm lestomak tankou dyare



Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Ki kalite imino-terapi mwen pral resevwa?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Ki kote mwen prale pou resevwa tretman mwen?
- Èske mwen kapab kondi oto pou mwen vini nan tretman an?
- Èske asirans mwen pral peye pou tretman mwen? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kijan mwen pral kontwòle efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Èske mwen pral kapab travay ak fè aktivite regilye mwen yo pandan tretman mwen?
- Èske mwen kapab kontinye pran lòt medikaman ak sipleman mwen yo pandan tretman an?
- Èske mwen pral bezwen lòt kalite tretman?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimyè a?

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **[cancer.org/immunotherapy](https://www.cancer.org/immunotherapy)**.
Nou la lè ou bezwen nou.



[cancer.org](https://www.cancer.org) | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE
©2021, American Cancer Society, Inc.
No. 080807

